

Kijan pou jwenn aksè nan pwogram Lexia® ak Clever

Kijan elèv mwen yo ka konekte nan pwogram Lexia lakay yo?

Distri w la itilize yon pwogram ki rele Clever. Lakay, pitit ou a ap jwenn aksè ak pwogram Lexia lè li konekte sou Clever Dashboard li a menm jan li konekte ak lekòl la.

Vèsyon navigatè a: Lexia® Core5® Reading, Lexia® PowerUp Literacy®, ak Lexia® English Language Development™ yo kapab itilize sou dènye vèsyon navigatè sa yo: Chrome (san wete Chromebooks), Edge, Firefox, ak Safari.

Konekte atravè Clever:

1. Ale nan paj koneksyon Clever pou distri elèv ou a. Si ou pa konnen paj koneksyon Clever distri a, ou ka ale sou clever.com/login epi chèche lekòl elèv ou a.
2. Fè pitit ou a antre idantifyan koneksyon li yo sou ekran koneksyon Clever a epi aprè, lokalize ikonn pwogram Lexia li a sou pòtay Clever li a. Lè li chwazi ikonn sa a, li ta sipoze gen aksè ak pwogram nan.

OSWA

Konekte ak bouton Clever a:

1. Ale sou www.lexiacore5.com, www.lexiapowerup.com, oswa english.lexialearning.com epi chwazi bouton "Log in with Clever" a.
2. Sou ekran koneksyon Clever a, chwazi **Log in With Clever** oswa **Log in With Clever Badges** (si pitit ou a genyon badj Clever epi si ou gen yon aparèy ki gen webcam (wèbkam)).
3. Konekte avèk idantifyan koneksyon Clever pwofesè pitit ou a te bay la, oswa suiv enstriksyon yo pou eskane badj la.

Vèsyon ipad:

Core5, PowerUp, ak Lexia English ka itilize sou anpil iPad ki gen iOS 10 ak vèsyon ki pi wo.

1. Telechaje aplikasyon gratis **Lexia Core5 Reading**, **Lexia PowerUp Literacy** oswa **Lexia English**.
2. Telechaje **Clever app** a gratis.
3. Ouvri aplikasyon Clever a, epi fè pitit ou a konekte ak idantifikasyon koneksyon Clever li yo. Chwazi ikonn Core5, PowerUp, oswa Lexia English sou pòtay Clever li a.

Pou plis enfòmasyon sou koneksyon ak Clever, gade videyo ak resous sa yo:

a. Pou Fanmi yo: Kijan mwen ka ede elèv mwen an konekte nan Clever?

b. Videyo: Kijan pou konekte ak Clever

So mwen bezwen èd pou mwen konekte?

Pou jwenn asistans konsènan idantifyan koneksyon elèv ou a, tanpri kontakte _____.

Pou pwoblèm teknik, tanpri kontakte kontak teknik distri w la, _____, pou wè si aparèy ou a reponn ak espesifikasyon teknik yo.

Si w bezwen plis asistans, tanpri kontakte Sèvis Asistans Distri w la nan _____.

Tanpri Sonje: Konfidansyalite done yo enpòtan pou nou. Pou rezon sekirite, se lekòl pitit ou a oswa distri a ki dwe jere non itilizatè elèv yo ak modpas yo. Tanpri kontakte pwofesè oswa lekòl pitit ou a si ou pa konnen non itilizatè oswa modpas pitit ou a, oswa si pitit ou a pa ka rive konekte. Lexia Customer Support pa ka ba w non itilizatè, modpas oswa adrès imèl pwofesè pitit ou a, oswa ede w konekte sou yon aparèy ki pa ka pran an chaj.